

**PLATFÒM
SENDICAL
TOUT YON
KONTINAN SOU
SEKIRITE SOSYAL**



CONFEDERACIÓN SINDICAL DE
TRABAJADORES/AS DE LAS AMÉRICAS



ITUC CSI IGB

Pwodiksyon

CSA

KONFEDERASYON

SENDIKAL

TRAVAYÈ/TRAVAYÈZ

AMERIK YO

SEKRETÈ EGZEKITIF

Prezidan **Linda Chávez-Thompson**

Prezidan Adjwen **Julio Roberto Gómez**

Sekretè Jeneral **Victor Báez Mosqueira**

Sekretè Politik Sosyal **Laerte Teixeira da Costa**

Sekretè Politik Ekonomik ak Devlopman Dirab **Rafael Freire Neto**

PLATFÒM SENDIKAL TOUT YON KONTINAN SOU SEKIRITE SOSYAL

1è vèsyon an Espayòl **oktòb 2010**

Tradiksyon Kreyòl Ayisyen **desanm 2015**

Ekip piblikasyon

Ekip Reprezantasyon Travayè BPS – Irigwey

Martha Ayala

Tradiksyon kreyòl Ayisyen

Joel Jean Louis ak Fabio Matias

Proyecto Gráfico. Capa y Diagramación

Cesar Habert Paciornik • HP Design • cesarphp@gmail.com

Pajinasyon

Arco Iris Impresiones

Tradiksyon ak enpresyon sa a te reyalize nan kad yon gran pwojè “Inegalite, povrete ak chemen pou rive gen Sekirite Sosyal” an Koperasyon ak Olof Pame Center (OPC) peyi Syèd.

Piblikasyon an te reyalize ak koperasyon konvansyon: “Ranfòsman òganizasyon Travayè pou fè pwomosyon Fòmasyon sendikal e fasilite entèvansyon yo nan mache travay ak nan pwosesis ko-devlopman. Politik travay ekite ant Fanm ak gason pral oryante pou pi piti pou 30% konvansyon an. Amerik Santral, Karayib ak Amerik latin.

Remèsiman pou sipò nou jwenn pandan tout pwosesis Pwojè OIT/ACTRAV, Sant Fòmasyon Tiren « Sekirite Sosyal pou Òganizasyon Sendikal, SSOS », Ministè Travay ak Imigrasyon Espay finanse.

Materyèl sa a kapab repwodui lib e libè, tout dokiman an oubyen pati ladan l, depi se pa pou fè lajan. (Referans – São Paulo, Brezil – Desanm 2015.)

LOKAL CSA

Ri **Formosa, 367, 4to. Andar, Cjto. 450 Centro • São Paulo • SP • Brasil • CEP 01049-000**

Telefòn **+55 11 2104 0750 • Fax +55 11 2104 0751**

Imel **sede@csa-csi.orgsede@csa-csi.org • www.csa-csi.org**

Biwo Amerik Santral • Costa Rica

Sabana Norte • Del Restaurante El Chicote, 100 mètr nò, 25 mètr lwès, 75 mètr nò kay sou lamen dwat ak pòtay koulè wouj • San José • CR

PREZANTASYON

Aktivite sendika nan Lamerik la, ki reprezante pa Konfederasyon Sendika Travayè nan Lamerik yo (CSA), santral /Konfederasyon ak manm ki afilye yo ranpli pwosesis pou konstriksyon an, deba ak akò kolektif sou tout revandikasyon Kontinan an sou sekirite sosyal, ke Konsèy Egzekitif te apwouve nan mwa avril 2010 la.

CSA egzaminen travayè ak travayez ki òganize ak sa yo ki pa òganize, nan Lamerik yo ak sosyete sivil ki òganize pwogram sendika sa a, se fwi yon pwosesis demokratik pou refleksyon, deba ak konsiltasyon ant divès pèspektiv aktivite sendika ak ekspè yo/ tankou, chèche pou ekri yon pwopozisyon ki rann Sekirite Sosyal la aksesib pou tout moun, solidè epi piblik, menm jan ak dwa fondamantal moun.

Nou gen enpresyon ke ansanm revandikasyon sendika nan kontinan an sou Sekirite Sosyal la, kapab itilize kòm yon enstriman pou travay politik - estratejik k ap gide aksyon sendika yo nan zafè sa a.

Dokiman an genyen ladann estrikti ak kontni:

1 Kòmansman

- Pwogram pou Aksyon CSA ak Sekirite Sosyal
- Dènye rapò Lamerik yo sou Sekirite Sosyal
- Espesyalman: anvan kriz ak echèk nan privatizasyon Sekirite Sosyal la

2 Mouvman sendika yo konsenan tout revandikasyon yo

- Enpòtans sendika nan 89èm konferans Òganizasyon Entènasyonal pou Travay (OIT 2001)
- Deba sendika sou pwopozisyon Sekirite Sosyal (2007-2009) la
- Sekirite Sosyal kòm dwa fondamantal moun
- Defi pou pwolonje pwoteksyon sosyal nan Lamerik yo

3 Pwopozisyon travaye ak travayez yo

4 Pwopozisyon daksyon

- Nou remèsye CSA , sekretarya ak ekip ki Reprezante travayè Bank Asirans sosyal Irigwey ak OIT - ACTRAV - Sant Fòmasyon nan Turín pou kolaborasyon yo nan reyalizasyon travay sa a.

Nou vle remèsye tou, koperasyon solidè ISCOD - UGT - AECI - atravè konvansyon pou Ranfòse òganizasyon travayè yo, ankouraje fòmasyon sendika ak fasilite patisipasyon yo nan mache travay la ak nan pwosesis pou devlopman ann asosyasyon, ki te finanse aktivite deba pou konstriksyon PLACOSS la epi pataje eksperyans nan Panyòl sou kesyon sa a.

Sao Paulo, Me 2010

Víctor Báez Mosqueira Sekretè Jeneral

KOMANSMAN Pwogram Daksyon CSA a ak Sekirite Sosyal la

Pwogram Daksyon Konfederasyon Sendika travayè ki nan Lamerik yo - CSA te adopte nan Kongrè ki kreye an mas 2008 nan Panama, ki gen pou tit• sendikalis nan pwomosyon pou devlopman dirab pou Lamerik yo, afime ke CSA angaje nan devlope politik ki gen chemen ak objektif yo klè dwe rive reyalize yon modèl devlopman dirab (...) ak respè ki pi gran pou libète asosyasyon ak òganizasyon yo, pou sendikalis yo kapab yon aktè ki gen pouvwa reyèl nan pwosesis la.

Pwen 13 la di - reysit modèl yo (devlopman dirab) ta dwe bay lòt rezilta tankou:

- Kreyasyon bon travay pou tout moun san esklizyon
- Distribisyon revni ak richès yon manyè pou n diminye devlopman inegalite sosyal nan chak peyi e ant peyi yo.
- Eliminasyon chomaj, ti djòb, travay enfòmèl ak enstabilite
- Bon jan rediksyon povrete ak eliminasyon endijan.
- Aksè gratis e inivèsèl pou sèvis piblik yo ki anreyalite se dwa tout moun kòm pa egzanp sante, Edikasyon, ak dlo / sanitasyon.
- Sekirite Sosyal pou tout moun sou yon fondman piblik debaz ki jwenn finansman nan taks ki pral kreye yon pansyon inivèsèl (san pran an konsiderasyon baz piblik finansman twa pati yo sipòt ke nou eksplike pi devan an).

Anndan tit sa a “politik sosyal travay” la, nan seksyon yo konsakre pou Sekirite Sosyal la, li di:

- CSA pran responsablite pou goumen pou tout travayè yo / sa k ap travay ak sa ki san travay, ka genyen sekirite sosyal. Jodi a nan Lamerik yo, n ap fè fas ak yon sitiyaasyon ki ekstrèman grav akòz esklizyon plizyè dizèn milyon travayè nan sistèm sante a ak sekirite sosyal. Anpil nan sitiyaasyon sa a lakòz politik neyoliberal yo aplike sou kontinan an ki redwi wòl leta nan divès politik piblik, pandan n ap louvri pòt pou privatizasyon.” (Pwen 46)
- Li ijan pou n ranfòse sistèm sekirite sosyal yo, remanbre prensip yo nan inivèsalite ak solidarite benefisyè yo, espesyalman timoun ak granmoun yo, devlopman entegrite antre yo, ak yon finansman dirab pou jistis sosyal, nan elimine modèl sekirite sosyal ki chita sou pwofi prive. Lè sa a, nou remake sesesite pou plizye estrateji ki ki fèt pou etabli yon pansyon inivèsèl pou tout travayè / fasilite leta a pou finanse ak taks, konsa nou kab prezève ak refòme sistèm separasyon an pou nou ranfòse l. (Pwen 47)

Platfòm Sekirite Sosyal ann Amerik sa a sèvi tankou baz devlopman devan defi ki genyen nan agrandisman sekirite soyal nan Kontinan an.

1 MEN NAN KI PWEN AMERIK LA YE NAN ZAFÈ SEKIRITE SOSYAL

Sekirite Sosyal se youn nan Dwa fondamantal moun genyen e depi nou respekte Dwa nou jan yo ye a, n ap kapab revandike yo ak tout fòs nou ak tout detèminasyon ki nesèsè. Depi plis pase 60 lane depi yo te adopte Dwa Moun yo, peyi ki nan Kontinan Ameriken yo toujou genyen feblès nan zafè distribisyon richès, kreye bon jan travay, libète sendikal, egalite ant fanm ak gason, elatriye.

Jounen jodi a, kesyon estriktirèl ekonomik ak soysal nan zafè travay nan Amerik la, nan majorite peyi yo prezante konsa:

- Yon kwasans ekonomik ak yon nivo pwodikтивite ak teknolojik trè ba, yon reta ki la lontan nan sektè agrikòl la, ak yon distribisyon richès ki pa egal pou tout moun (se peyi sa yo ki prezante chif ki pi ba nan tout peyi sou latè).
- Se nan peyi sa yo ki genyen plis travay enfòmèl pou ouvriye endepandan ak pou ouvriye otonòm. Se nan peyi sa yo tou moun pase plis tan nan chomaj ou byen fè vye djòb, ti djòb ak povrete. Fanm, jèn, moun ki soti nan lòt zòn ak kilivatè, se yo ki plis pa ka jwenn travay.
- Enstitisyon ak Politik Piblik nan domèn Pwoteksyon Sosyal, Lasante ak sekirite nan travay toujou pi fèb.
- Libète pou fòmè sendika toujou redwi ou byen disparèt. Si genyen sendika ki fòmè, yo pèsèkite Dirijan sendika yo e yo menm konn rive touye yo tankou nan peyi (Gatemala ak Kolonbi); Se nan peyi sa yo tou negosyasyon kolektif pa vrèman devlope; zafè twa pati ak dialog sosyal ki ta dwe sèvi kòm zouti pou egalite sosyal pa itilize ase.

2 ESPESYALMAN: ANVAN KRIZ AK ECHÈK PRIVATIZASYON SEKIRITE SOSYAL YO

Nouvo kriz la afekte Sekirite Sosyal la tout jan, pandan li pote vini yon latriye Nfenomèn negatif an plis tankou: diminisyon kotizasyon akòz mwens travayè vin afliye, ogmantasyon delenkans lan, patwon yo fè plis abi epi lajan pansyon an vin pi piti.

Kriz la mete a klè e nan yon fason definitif, gwo mankman ki genyen nan rejim ranfòsman kapasite moun ki jere gras ak fon pansyon prive, ki ogmante diran 20

dènnye lane yo nan Amerik Latin nan ak nan Karayib la ki fè pati refòm neyoliberal yo ki afekte moun ki nan laj pansyon yo, lasante ak risk nan travay tou. Anndan Rejim sa yo, genyen yon konfli ant prensip randman ke y ap chèche yo ki chita sou gwo frè ak tranzaksyon riske sou mache bousye yo ak yon pwomès kouvèti devan ijans sosyal la paske pa genyen ase regleman ki etabli pou garanti fon yo te prevwa yo.

Se poutèt sa, **refòm** estriktirèl **privatizasyon** ki tabli nan anpil peyi nan Amerik latin ak nan Karayib yo pa rive ogmante asirans ni kalite benefis yo. Okontrè, yo **ogmante eksklizyon sosyal** e sa ki pi rès ankò, nan moman kriz finansyèl ki genyen kounye a, nou menm travayè yo, nou pèdi ti lajan nou te depoze nan fondepay pou pansyon ki ta dwe yon solisyon pou nou lè nou pran retrèt nou.

Sistèm prann medsin sou kont pentad mawon sa a bay plis kè sote nan zafè Dwa travayè (nan tou 2 sektè yo: **fòmèl ak enfòmèl**), deteryorasyon endikatè sosyal ak travay, sa ki dwe fè nou panse ak nouvo solisyon altènativ ki kapab vrèman rann ogmantasyon nivo asirans yo efikas ak endispansab.

Kriz nan peyi endistriyalize yo kreye lòt pwoblèm toujou pou Pwoteksyon Sosyal nan Amerik Latin nan ak nan Karayib la. Kriz sa yo fè ke genyen yon pakèt **imi-gran** ki retounen lakay yo e ki fè plis presyon sou aktè politik yo pou yo ka satisfè bezwen ke yo genyen nan peyi pa yo. Anmenmtan, kapasite resous imigran ki rete nan peyi dakèy yo diminye paske kriz la afekte yo tou paske genyen mwens imigran ki rive jwenn travay.

Nan Amerik Latin nan ak nan Karayib la, kriz la fè ke genyen konsekans sous pwosesis **reyaksyon nasyonal** yo nan zafè Pwoteksyon ak Sekirite Sosyal ki santre sou rekiperasyon ak ogmantasyon wòl Leta jwe nan domèn politik piblik yo. Se ka **Ajantin** ak **Chili**: Jou ki te 21 oktòb 2008 la, Prezidan Ajanten an te anonse bout sistèm prive pou pansyon ak retrèt. Nan lane 2008, peyi **Chili** tou te rive fè yon Refòm nan Refòm Privatizasyon an ki pa t genyen anyen pou l te wè ak koz pwoblèm nan. Refòm sa a fè tankou yo t ap chèche solisyon pou gwo sektè yo nan popilasyon an. Modèl privatizasyon anba pwoteksyon sektè sa yo pa t bay rezilta. Evènman sa yo demontre nou a klè ke Sekirite Sosyal dwe konsidere kòm yon politik Leta.

Nan majorite peyi ki genyen fon prive, genyen yon deba piblik ki koumanse pran rasin kounyeya e genyen nouvo pwopozisyon k ap fèt tankou nan peyi Irigwe, Bolivivi ak Pewou.

Nan tout ka yo imajinen, wòl Leta fondamantal paske **se sèl Leta ki kapab mete sou pye yon plan devlopman Sekirite Sosyal nasyonal jeneral** ki bay kontra

kolektif ak benefis priyorite pandan ogmantasyon asirans lan ap pwogrese. Nou tout, nou rekonèt vid sa yo ke nou genyen yo se pa anvan nuò bat je nou n ap rive konble yo. Sa pral mande anpil travay, detèminasyon ak anpil volonte politik pou n rive kote nou vle rive a. Se poutèt sa, li fondamantal pou n idantifye ki premye pa pou n fè nan direksyon korèk, toujou ak bon jan règ klè e pandan n ap pran Akò (OIT) yo kòm referans, espesyalman Akò 102 a ki pale sou nòm minimal pou Sekirite Sosyal. Ratifikasyon Akò 102 a nan Kontinan Ameriken an dwe pase nan revandikasyon sendikal, nan ajenda politik la tankou sa te fèt nan peyi Brezil ak Irigwe nan lane 2009 la.

PA SENDIKA YO FÈ POU YO RIVE NAN PLATFÒM NAN

Wòl sendika yo nan 89èm Konferans Oganizasyon Entènasyonal Travay (OIT 2001)

Gras ak wòl ak lidèchip sendikal la nan pwosesis la, 89èm Konferans Entènasyonal sou Travay nan lane 2001 an, yo te apwouve yon Rezolisyon ak yon latriye konklizyon sou Sekirite Sosyal ki te tabli yon konsensus mondyal an rapò ak kesyon ak priorite fondamantal enpòtan yo. Men sa nou dwe konsidere:

- 1** Nou dwe bay politik ak inisyativ ki vle ogmante asirans sekirite sosyal la priorite pou n ka bay moun ki pa genyen.
- 2** Sekirite Sosyal la genyen non sèlman anpil enpòtans pou byennèt travayè yo, fanmiy yo ak kominote kote y ap viv la, men tou li pèmèt yo byen jere epi ogmante pwodiktivite epi apiye devlopman ekonomik la.
- 3** Vyeyisman popilasyon an afekte non sèlman sistèm pansyon yo ki chita sou kapitalizasyon an, men sa yo ki chita sou repatisyon an tou: li nesèsè pou n chèche solisyon ki chita pito sou mwayen k ap pèmèt nou kreye plis djòb.
- 4** Aktè sosyal ki anfas nou yo genyen yon gwo wòl pou yo jwe nan jesyon sekirite sosyal la. Pwopozisyon daktyon ki fèt pandan rezolisyon sa a dwe rete toujou vivan e si se nesèsè ak anpil anfas nan kontèks kriz finansyèl, ekonomik, sosyal ak travay ki manke kounye a.

1 DEBA SENDIKAL SOU PWOPOZISYON YO NAN DOMÈN SEKIRITE SOSYAL (2007-2009)

Pandan peryòd 2007-2009 la, nan kad pwojè koperasyon entènasyonal yo, te genyen bon jan rankont sendikal enpòtan nan Amerik Latin nan (soureyjonal ak rejyonal yo) pou debat ak defini priyorite ak estrateji posib pou entèvansyon sendikal nan zafè sekirite sosyal. Evénman sa yo te kontribye anpil nan ranfòsman kapasite sendikal yo nan domèn Sekirite Sosyal, echanj eskperyans ak idenfikasyon priyorite daksyon nou genyen ansanm. Evenman sa yo te kontribye anpil tou nan direksyon n ap bay priyorite sa yo nan divès feran deklarasyon ak nan dokiman referans yo, tankou deklarasyon ki te fèt nan vil Lima nan lane 2009 la (deklarasyon an anekse nan dokiman sa a ki sèvi pou monte Platfòm nan); espesyalman 10èm Deklarasyon ki te fèt pandan Kongrè Sendikal Ibewo-ameriken an (Lisbòn, an novanm 2009) ki rekonèt ke li nesèsè pou priyorite nou se yon nouvo modèl ekonomik dirab sou plan ekonomik, anviwonnmantal ak sosyal ki kapab ede konbat povrete, eksklizyon, enfòmèl, chomaj epi ki kapab ede kreye bon jan travay paske sa ki enpòtan se pwomosyon ak respè dwa sa yo tout bon.

2 SEKIRITE SOSYAL KÒM DWA FONDAMANTAL MOUN

Sekirite Sosyal se youn nan Dwa fondamantal Moun genyen e depi nou respekte Dwa nou jan yo ye a, n ap kapab revandike yo ak tout fòs nou ak tout detèminasyon ki nesèsè e se nan objektif sa a nou vin travay nan Rejyon an nan dènye tan sa yo.

Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun (10/12/1948) se yon baz nòmativ endispansab ki rekonèt non sèlman dwa travay ak sosyal, men tou, dwa fondamantal nan zafè sekirite sosyal¹.

¹ Deklarasyon an rekonèt kòm dwa moun dwa ditravay ak sosyal: Dwa pou touche menm valè lajan pou menm kantite travay (at.23.2), Dwa pou yon reminerasyon ki jis (at.23.3), Dwa pou repoze (art.24), Dwa pou swen ak asistans espesyal pou fanm ansent ak timoun (at.25.2), Dwa aledikasyon (at.26). Atik 25 Deklarasyon sa di ke tout moun genyen dwa pou genyen asirans sosyal si li pap travay, si li malad, li enfim, li avèg, li aje ou byen si li pèdi mwayen ki te konn pèmèt li viv nan kondisyon ki pa depann de volonte l; fanm ansent ak timoun genyen dwa ki merite pwoteje epi tou e tout timoun legitim ou natirèl genyen menm pwoteksyon sosyal.

Atik 22: Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun ke Asanble Jeneral Nasyonzini te apwouve nan dat 10 desanm 1948 la.

1) Tout moun nan sosyete a genyen dwa jwenn sekirite sosyal e jwenn satisfaksyon pou dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl ki endispansab pou l ka viv nan diyite epi devlope tèt li bibelibè.

2) Tout moun genyen dwa ak yon nivo vi ki adekwa ki pèmèt li ak tout fanmi l viv an sante epi asire benynèt li, espesyalman manje pou l manje, rad pou l mete, kote pou l rete, asistans medikal ak lòt sèvis sosyal ki nesèsè. Konsa tou, li genyen dwa asirans si li pap travay, si li malad, enfim, avèg, granmoun oubyen si li pèdi mwayen ki te konn pèmèt li viv nan kondisyon ki pa depann de volonte l ak lòt asistans espesyal”

Aplikasyon Dwa sou Sekirite sosyal la dwe plis yon priyorite toujou, si nou konsidere **senk Objektif Devlopman milènè** a ke 189 peyi te defini nan lane 2000 la, pandan Kongrè Milènè Nasyonzini yo relye dirèkteman ak sekirite sosyal la tankou: fini ak povrete ekstrèm nan ak grangou (objektif 1), fè pwomosyon egalite ant fanm ak gason ak otonomi fanm (objektif 3), redwi kantite ti bebe ki mouri lè y ap fèt (objektif 4), amelyore sante tout manman (objektif 5), konbat VIH/SIDA, palidis ak lòt maladi ankò (objektif 6). Kounye a, li parèt a klè ke sekirite sosyal la enpòtan pou n pote yon repons bay kriz la epi li ka sèvi kòm zouti pou konstriksyon sosyal pandan n ap fòme tout Sistèm **Nasyonzini** an nan pwosesis la.

3 DEFI EKSTANSYON PWOTEKSYON SOSYAL LA NAN AMERIK LA

Kounye a, Pwogram Daksyon CSA a idantifye kòm rezilta yon modèl de devlopman dirab, sekirite sosyal pou tout moun, atravè yon fondman piblik debaz ki finanse ak taks, aksè a lasante, edikasyon, ak bon jan dlo pwòp, ak yon mwayèn distribisyon richès. Sa yo ap pèmèt nivo kwasans inegalite ki genyen kounye a bese. E li dwe genyen ladan l tou, yon fondman ekonomik kontribisyon lajan li soti nan twa pati ki fè pati santral sistèm nan.

Sekirite Sosyal nan Amerik Latin nan ofri kèk nivo asirans efikas pandan li reprezante apèn yon ka nan popilasyon nan anpil peyi, espesyalman kòm rezilta nan gwo sektè enfòmèl la ak travay ki pa anrejistre ak magwouy antrepriz yo. Mete

sou sa, efè chomaj la genyen sou gwosè kotizasyon an ak lòt pwoblèm chanjman travay yo kreye tankou soutrètman kise pwodwi politik fleksibilizasyon ki afekte responsabilite antrepriz yo.

Nan Peyi yo, nou ka remake enkapasite ki genyen pou fòse moun yo peye taks kòm sadwa, kontwole epi sanksyone. Se poutèt sa, gen yon gwo pousantay envazyon siskal ak enpinite; akoz pa gen pa gen sistèm ak asistans espesyal; pa genyen asistans fiskal pwogresif epi gen yon nivo fèb nan ratifikasyon ak aplikasyon nòm entènansyonal yo nan domèn sa yo, tankou nan Akò 102 Oganizasyon Entènansyonal Travay la².(OET/OIT)

Rezilta a demontre ke plis pase mwatye nan popilasyon Amerik Latin nan pa genyen okenn mekanism pwoteksyon sosyal e nan kèk peyi nan Rejyon an, pousantaj la rive 80 %. Nan ka sa yo, se toujou fanm, timoun ak granmoun yo ki plis viktim. Sa se defi k ap tann nou e se poutèt sa li dwe nan tout deba piblik ak sosyal, sou avni sosyete nou yo ak tout konsekans sa ka genyen sou demokrasi a.

Leta se sèl enstitisyon ki kapab mete sou pye, bon jan **strateji nasyonal jeneral pou devlope Sekirite Sosyal la**, ak patisipasyon tout travayè ak anplwayè kote asirans sou prestasyon debaz yo pral sèvi kòm baz nan pwosesis ekstansyon asirans la bay tout moun, pou tout risk, prestasyon ki ase, pèmanan epi dirab sou plan finansye.

Devan defi ekstansyon Pwoteksyon Sosyal la, Deklarasyon sou jistis sosyal pou yon globalizasyon egalego (OIT jen 2008) mande espesyalman Peyi manm yo, pou yon adopte epi elaji mezi pwoteksyon sosyal yo – sekirite sosyal ak pwoteksyon travayè yo – ki dwe soutni epi adapte ak sikonstans nasyonal yo ak elajisman sekirite sosyal la ki dwe rive touche tout moun epi devlope mwayen k ap pèmèt yo kreye richès debaz yo, pou moun ki bezwen pwoteksyon sa a, epi adapte l nan nivo pa li pou reponn ak nouvo bezwen yo ak ensètitud ke chanjman teknolojik, sosyal, demografik ak ekonomik yo kreye tankou: bon jan kondisyon travay; se menm jan an tou, nan dyalòg sosyal ak nan koze twa pati yo, yo rekonèt metòd ki pi apwopriye ki pèmèt yo aplike yo tou.

2 Peyi nan Amerik Latin nan ki ratifye akò sa a se: Bolivi (31/01/1977), Brezil (15/06/2009), Kostarika (16/03/1972), Ekwatè (25/10/1974), Meksik (12/10/1961), Pewou (16/08/1961) Sirinam (15/06/1976), Irigwe (17/09/2009) ak Venezwela (05/11/1982).

PWOPOZISYON TRAVAYÈ AK TRAVAYÈZ YO

Sou baz reyalite sa a, travayè ak travayèz te deside sa nou pra di la yo:

1 Leta a dwe garanti, jere epi bay Sistèm Sekirite Sosyal yo, nan devlope regleman sou pwoteksyon sosyal, ki konplete, asire patisipasyon reyèl travayè aktif oswa ki pran pasyon yo. Nan sans sa a, nou repete sa ki nan platfòm travayè Amerik yo (PTA), sa sendikalis zòn nan te tonbe dakò sou li, epi prezante nan katriyèm kongrè Amerik yo (Mar del Plata, an Novanm 2005). Nan PLA sa a, yo mande pou yo patisipe nan bati yon modèl sekirite sosyal konplè, solidè, rebalanse, inivèsèl e avèk responsablite leta ki ekilibre sosyete epi garanti pwoteksyon pou tout travayè ak travayèz, kèlkeswa fòm travay oswa zòn jewografik yo, tankou orijin nasyonal yo e ke yo santi baz fòm sosyete nou tout merite a.

2 Sekirite Sosyal kòm eleman estratejik ak baz **travay desan**, epi apre kòm objektif santral tout politik. Gouvènman yo dwe ankouraje règleman travay desan ki ogmante opòtinite pou anplwaye gen aksè a pi bon kondisyon salè, sekirite ak pwodiktivite, nan ankouraje fòmasyon **travay ki respekte dwa moun**, annakò ak plan Nasyonal Travay desan, sans paspouki pou gason sou fi.

Referans debaz la se yon Deklarasyon sou Jistis Sosyal pou yon globalizasyon san patipri (OIT an jen 2008) lè li di ke kat objektif estratejik yo (dwa, travay, pwoteksyon ak dyalòg sosyal) enseparab, pliske youn gen relasyon youn ak lòt epi youn ranfòse lòt, eke si nou manke fè pwomosyon pou nenpòt ladan yo, sa pral fè dedi sou siksè lòt yo.

3 Defans dwa kolektif pou libète asosyasyon dendikal la, grèv ak negosyasyon kolektif se nannan raison ki fè mouvman sendikal la egziste, ap kontinye egziste epi ap ranfòse tou.

4 Li nesèsè pou peyi yo devlope estrateji nasyonal sou sekirite sosyal, ak politik piblik ki gen rapò ak sa, nan tout domèn: sante (prevansyon ak guérison), pansyon, prestasyon pou fanmi, nouris, aksidan travay ak maladi nan kad travay, ak chomaj, nan chèche yon ekilib ant prestasyon ki soti nan kontribisyon ak sa ki pa soti nan kontribisyon pou anplwaye yo pa pèdi pouvwa dacha yo amezi tan ap pase epi ki reponn ak dwa debaz moun sa a ki se Sekirite Sosyal la.

5 Pou amelyore nivo pwoteksyon sosyal la, li nesèsè pou travayè ak travayèz yo patisipe nan preparasyon, suivi, kontwòl epi pafwa nan jerans li. Anvan li pran kèlkeswa rezolisyon sou yon kesyon, leta fèt pou l konsilte òganizasyon sendikal

yo, sou kesyon sa a. Pou rive nan sa, nou bezwen sendika solid, reprezantatif, ak yon politik alyans laj, si se pa sa, yo pap rive atenn sa yo vle a ak travayè ak moun ki pran pansyon yo. Pou nou avanse, se pou n foure tout sosyeta a ladan, tankou : travayè lavil kou andeyò oswa sa ki fè pati sektè enfòmèl la ak anplwayè yo, se pou sa, li enpòtan pou genyen yon dyalòg sosyal ak patisipasyon twa pati. Avèk patisipasyon, ak transparans, ak pwopozisyon, ak òganizasyon ki gen fòs ak pwomosyon dyalòg sosyal, li posib pou n fè plis moun rive jwenn asirans epi korije kèk feblès enstitisyonèl.

6 Li nesèsè pou n ogmante pwoteksyon Sekirite Sosyal la nan longè kou nan lajè:

a) Ogmantasyon nan lajè vle di ogmante kantite moun ki kouvri ak plan pwoteksyon sosyal la, ki gen ladan moun ekonomi enfòmèl la, ak plantè yo, atravè aplikasyon ak ekspansyon gwo poto piblik debaz la, ki finansè ak taks kote yo sitou mete sa moun touche sou patrimwàn ki la pou bay moun nan popilasyon ki gen laj travay, sekirite sou sa yo touche (nan sèvi ak salè minimòm nan kòm referans), sèvis sante konplè, epi pwogresif pou tout moun, prestasyon pou timoun, ki kowòdone ak yon seri règleman sou edikasyon / sante / mache travay la ak regleman sou lafanmi, ak pansyon debaz pou granmoun ak moun andikape. Leta se sèl enstitisyon ki ka, dwe epi prepare yon plan nasyonal jeneral pou devlopman ak Sekirite Sosyal, ak patisipasyon inevitab travayè ak travayèz pou asire efikasite yon sistèm kote pwoteksyon sèvis debaz yo dwe parèt kòm yon premye etap nan pwosesis pou fè tout moun rive jwenn asirans pou tout kalte risk yo, ak benefis adekwa, pèmanan epi dirab finansyèman.

Chak Peyi ap gen pou li konsanti wete yon pousantaj nan PIB li pou l finansè sekirite sosyal la, kòm nivo garanti minimòm epi nan yon manyè pou l marye kwasans ekonomik ak byennèt sosyal popilasyon an.

b) Ogmantasyon nan longè a gen pou wè ak sitiyaasyon ki nesèsite asirans (maladi, vyeyès, moun ki pèdi mari oswa madanm, chomaj, nouris, elatriye) ak kalite sèvis ki dwe rive jwenn plis moun epi amleyore ti kras pa ti kras ak finansman kontribisyon twa pati ki gen ladan leta, patwon ak travayè, (**poto mitan kontribisyon piblik pou finansman twa pati yo kòm yon pati nan sistèm nan**).

7 Nan rejyon an, san nou pa bliye divès kalite pwoblèm nou dwe rezoud sou kesyon kalite pèfòmans ak administrasyon sistèm nan menm, n ap fè fas ak agrandisman pansyon an ak sèvis sante (prevansyon ak tretman) pou gwo **kantite travayè** ki pa anrejistre yo. Li nesèsè pou n chanje sitiyaasyon ki gen pou wè ak pa enskri a, an relasyon depandans nan antrepriz **fòmèl oswa “enfòmèl”,**

nan konte ladann, moun sa yo ke nou sipoze kòm endepandan, ki deyò wonn nan. Enstitisyon piblik yo dwe bay tèt yo resous pou yo egzekite pwosesis verifikasyon yo, detekte fwoub ak echapman nan kontribisyon yo, pou aplike sanksyon dekwa pou m mete men sou resous pwovizwa, ranfòse lwa nasyonal yo ak sistèm enspeksyon, epi fè aksyon legal kont patwon ki fè magwouy kont fon piblik la.

Nou bezwen gen yon mansyon espesyal sou nesosite pou n peye dèt istorik Sekirite Sosyal pa ki fè pil sou plizyè gouvènman ki pase.

8 Sila yo ki pa anrejistre kòm **travayè otonòm** yo (sila yo ki rele tou endepandan, sa k ap travay ak tèt yo, yon travayè endepandan, konsiltan, kontraktyèl, oswa travayè ekonomi enfòmèl la, kit se an pwovens kit se lavil) sistèm nan dwe kreye, pa mwayen rejim kontribye ak rejim ki pa kontribye, ki mache ak ka espesifik yo ak salè yo, anndan yon sistèm solidarite ki garanti yon minimòm pwoteksyon. Sa mande bon jan refòm nan taks yo pran ti kras pa ti kras, ki plis reyini sa moun touche ak richès, ak plis aksan sou kapital finansye riske ki pa bay kapital etranje pye sou envestisman nasyonal, e ki rann li pi fasil pou dedwi pwa taks dirèk sou konsomasyon an, espesyalman sou machandiz ak sèvis debaz yo.

9 Nou apiye **Konvansyon an 102** sou nòm minimòm tou fòm Sekirite Sosyal la, nan tabli kritè ak règ klè pou pwoteksyon nan nèf posiblite debaz yo ki gen pou wè ak sekirite sosyal: swen medikal, maladi, chomaj, vyeyès, aksidan ak maladi moun pran nan pye travay yo, prestasyon pou fanmi an, nouris, andikape ak moun ki pèdi mari oswa madanm yo.

Yon lòt bò, nou dwe konsidere lòt konvansyon, rezolisyon ak rekòmandasyon sou pwoteksyon sosyal, Dwa Fondamantal ak Travay desan. An menm tan tou, konsidere desizyon, akò, epi konstitisyon sosyal sou kesyon pwosesis ente-grasyon nan rejion (CAN, MERCOSUR, SICA ak CARICOM) ak nan konvansyon multilateral Ibero-ameriken sou Sekirite Sosyal la.

10 Nou gen pou n travay pou **elimine kèlkeswa diskriminasyon** sou sekirite **so-syal**. Pandan n ap konsidere anplis tout diskriminasyon sosyal, diskriminasyon nan travay k ap mennen diskriminasyon nan modèl pwoteksyon sosyal la. Li nesèsè pou n elimine diskriminasyon nan tout fòm li, espesyalman ras, pandan n ap fè jefò pou n remake moun kominote yo mete sou kote, ak travayè seksyon riral nan sistèm pwoteksyon sosyal la.

11 Nou dwe fè atansyon, yon mannyè espesyal, ak kesyon egalite sèks. Se yon reyalite ke nan moman yo te tabli yo, sa te fèt sou baz ke se gason ki t ap sou-tni fanmi an e ke te gen yon separasyon travay natirèl ak wòl chak moun nan

fanmi yo. Yon manyè ke fanm yo te konsidere kòm travayè segondè, kote ladrès ak kapasite yo pa t jwenn konsiderasyon yo te sipoze jwenn nan sosyete a. Si mete sou sa, nou konsidere ke karyè fanm yo nan travay plis pa dire, gen mwens posiblite pou yo jwenn pwomosyon nan travay, responsablite okipe timoun nan kay kontrarye karyè yo, yo pase mwens tan ap kotize pou retrèt, epi sa lakoz salè yo pi ba pase pa gason an, ansanm ak tout sikonstans sa yo, jwenn yon modèl pwoteksyon ki ta dwe net sou kesyon dwa ak kantite benefis, repwodui inegalite pou al tonbe nan yo modèl pwoteksyon sosyal ki pa sifi pou medam yo. Men, modèl pwoteksyon an pa t net si li pa t pran gason, epi dezyèmman fanmi l, kòm pwen santral pwoteksyon an.

Nou ta dwe kòmanse nan nesesite pou n idantifye diferans ki genyen nan aplikasyon sistèm pwoteksyon sosyal la an tèm de sèks, pou ni gason ni fanm vin okouran ke gen diferans sa yo. Se sèlman lè sa a, nou pral kapab devwalè epi diskite sou kisa ki lakòz yo, ak objektif final pou yo devlope pwopozisyon ki kapab korije diferans sa yo.

Politik ki pou rapwoche lavi nan travay ak lavi nan fanmi ak jan yo pataje responsablite nan fanmi an ant gason ak fanm, ta dwe plis parèt kòm yon eleman nan sekirite sosyal la. Nan sans sa a, nou dwe egzije keyasyon politik piblik klè epi, ki byen espesifik pou fanm ki ret nan kay yo ki te soufri dezekilib ki genyen nan jan yo pataje responsablite yo nan fanmi yo ki déjà san san pwoteksyon yon salè oswa pwoteksyon sosyal.

12 Devan nouvo reyalite sou relasyon nan travay ak gwo nivo inegalite ak povrete, li nesesè pou n analize yon nouvo modèl Sekirite Sosyal, fason pou n finansman li epi ranmase lajan. Yo dwe **tabli sous finansman twa pati** adekwa ak resous leta yo, taks yo pran ti kras pa ti kras sou sou kapital ak gwo revni ak kontribisyon ki sòti nan men patwon ak travayè yo. Nan investisman resous sekirite sosyal yo, espesyalman, òganizasyon travayè yo ta dwe patisipe nan kontwòl la.

13 Kit se lasante, pansyon, asirans kont risk nan travay, reprezante yon pwodui ki fè nou rejte modèl sekirite sosyal prive atoufè yo, e nou rastifye defans yon sistèm prestasyon. Li nesesè pou n modifiye sistèm sekirite sosyal prive ki echwe nèt yo, ki bezwen aganjman patisipasyon tout mouvman sendikal la pou l rive ranfòse sistèm **piblik yo ak solidarite** san l pa nui pwoteksyon sosyal konplemantè ke konvansyon kolektif yo prevwa.

14 Reyafime dwa travayè genyen pou yo pa blije pati, kòm yon pwen depa pou travayè reklame dwa yo genyen pou yo jwenn travay nòmal nan peyi yo fèt la.

15 Fenomèn migrasyon ann kontinan Ameriken an ak ann Espay ak Pòtigal, ak

rapatriman imigran nan tan ki gen kriz, montre tout enpòtans enpòtans akò mil-tilateral Ibero-ameriken sou Sekirite Sosyal la, pou andikape, granmoun ak sivi- van, yo dwe apwouve, epi aplike tankou lwa. Yon akò ki sanble ak sa te déjà deja sou pye (depi 2005) nan Mercosur, ka fasilite pwogrè nan aplikasyon li, san y opa nwi lòt akò peyi yo dwe respekte. Akò sa yo reprezante zouti esansyèl pou ede kalkile total ane de travay chak anplwaye / travayèz, kèlkeswa peyi y ap viv pou anpeche yo fè pèt nan dwa yo.

16 Youn nan priorite nou konsidere, se pou nou mete an fonksyon politik piblik k ap bay pwoteksyon sosyal la jarèt, ansanm ak devlopman pèsonèl ak travay jèn fi kou gason, antanke yon gwoup travayè ki vilnerable. Akò Mondyal pou Travay la te souliye priorite sa a (OIT 2009) kote yo rekonèt jèn yo pami moun vilnerable kriz la te frape yo di³. Nou declare ankò, nesosite pou yon ekonomi refè vin bay lòt opòtinite pou jèn yo jwenn travay, epi n ap espere ke se ta travay nòmal, ki ta toujou ak garanti pou travayè fi kou gason jwenn pwoteksyon sosyal.

17 Koulye a, **fasa kriz la:**

a) Plis demokrasi ak plis partisipasyon: Revandike epi patisipe nan fowòm dialog twa pati yo ap fè pou afwonte kriz la epi pran defans negosasyon kolektif la. Kriz ekonomik ki sot pase a montre relasyon dirèk dirèk ki genyen ant sistèm politik chak peyi, politik ekonomik li ak enpak li sou relasyon travay ak sistèm sekirite sosyal la. Se poutèt sa, nou dwe garanti plis patisipasyon, ak konsansis nan dyalòd twa pati yo ap fè a. Espesyalman sou politik lib-echanj, ki vin deranje anviwònman travay ak anviwònman sosyal la, ki lakoz nou kanpe an kwa devan aplikasyon li, depi negosasyon yo gen ladan yo lwa ki nuizib pou enterè nasyonal ak dwa fondamantal moun, tankou sekirite sosyal la.

b) Dapre tout sa nou sot di la yo, **Pak mondyal pou travay ak pwoteksyon sosyal** konferans entènasyonal travay an 2009 la, ki se yon konsekans kriz finasye, ekonomik, sosyal ak travay la, deklare ke sistem pwoteksyon sosyal dirab ki la pou ede moun ki vilnerab, ka evite povrete ogmante, kwape difikilte sosyal pandan l ap kontribye nan estabilite ekonomik, soutni ak kreye travay, sitou nan peyi an devlopman yo. Sistèm pwoteksyon sosyal yo ka soulaje povrete, kontribye nan devlopma ekonomik ak sosyal yon nasyon. Nan kontèks sa a, nou menm, nou reklame pou yo mete sou pye, ann ijans, youn pilye de-

3 OIT ap prezante koulye done k ap kore sa n ap di la a, lè nou fè konnen ke nan Amerik Latin tankou nan Karayib la gen 7 milyon jèn ki pap travay, kriz la bò kote pa l lage 600.000 moun ki gen ant 15 rive 24 an nan chomaj. Mete sou sa, dapre chif ki pi resan OIT pibliye, pami jèn k ap travay yo, sèlman 10% ladan yo gen yon kontra ki estab, 35.1% gen asirans santé, epi 32.5% afilye ak yon sistèm pansyon.

baz piblik, kòm yon premye etap nan konstriksyon sosyete a. Pilye sa a se yon kantite benefis minimòm ki la pou kouvri tout moun, fanm kou gason ki nan nesosite, san l pa gade sou sitiyasyon travay yo, epi ki bay yo mwayen pou yo jwenn swen lasante ki gen ladan l, pwoteksyon pou fanm ansent yo, sipò pou papa ak manman ki voye pitit yo lekòl, konsiltasyon ka doktè, retrèt, sekirite lajan pou moun andikape epi konkou lajan pou group ki trè vilnerab yo.

c) Prestasyon pou chomaj: Mete sou pye yon kantite lwa nasyonal ki kapab itilize asirans sosyal pou pwoteje travayè ki pedi djòb yo, nan peyi kote sistèm sa a pa t ko egziste. (Konvansyon 102, dezyèm pati, konvansyon 168 ansanm ak rezolisyon 176)

d) Politik aktif pou travay: Mete sou pye pwogram sou fomasyon pwofesyonèl pou moun ki nan chomaj yo, dekwa pou fè yo retounen sou mache travay la, nan menm izin nan oubyen nan lòt sektè ki bezwen travayè. Nou ka fè travayè sa yo, antrepriz yo ansanm ak gouvènman yo patisipe nan gere pwogram sa yo; ansanm ak patisipasyon aktif tout aktè yo, pou n ka rive defini yon seri mezi ki la pou pwoteje sektè kriz la pi touche yo; pandan y ap patisipe epi y ap mete sou pye kèk pwopozisyon ki soti nan OIT, CSA, sentral kòdonatè kèz zòn nan rejyon an, sendika ki nan chak peyi yo, gouvènman yo ansanm ak amplaye yo.

Rekonèt nan tout sikonstans, aplikasyon **politik sou travay pwodiktif estab** (travay desan) ak pi bon fason pou yo fè pwoteksyon an rive jwenn travayè ki pa gen kapasite pou yo peye pou sa, tankou sila yo ki nan sektè enfòmèl la, medam k ap travay ka madanm yo, moun ki ret an pwovens yo oswa peyizan yo.

18 Lasante travayè yo se youn nan eleman sosyal ki pi enpòtan nan **inegalite sou kesyon lasante** e se pou yo pran sekirite nan travay la anmen, antanke domèn ki mande yon atansyon espesyal nan kad pwoteksyon sosyal.

Jan sa parèt nan estrateji lbero-ameriken sou lasante ak sekirite nan travay la ke chèfdeta ak gouvènman yo te adopte nan ane (2010-2013), nou rekonè kòm objektif prensipal, pwoteksyon ak pwomosyon dwa pou lavi, dwa chèmèt chèmètès moun gen sou tèt yo, ak dwa pou moun gen lasante kòm dwa ki fè pati pwoteksyon kont risk nan travay. Lè nou konsidere ke chak ane, limanite pèdi plizyè dezèn milye moun nan plis pase 30 milyon aksidan travay ki rive nan zòn nou an, nou reklame bon jan amelyorasyon kondisyon travay kòm yon objektif kle nan kad refòm sistèm sekirite sosyal la, epi pou yo rekòtè wòl prensipal politik piblik pou sekirite ak lasante nan pote repons ki pou ede ogmante byennèt nan travay, ak enpòtans negosyasyon kolektif sou kesyon an.

19 Konsekans kriz ekonomik la sou lasante ak sekirite nan travay (SST) te la-koz antrepriz dedi sou lajan yo envesti nan kwape risk nan travay yo, yon nivo siveyans leta ki pi fèb sou echèk regleman yo, dedi nan resous ki la pou politik piblik sou kesyon lasante, travay nan ekonomi enfòmèl la vin ogmante atout travayè ak travayèz san pwoteksyon yo.

Nan sikonstans sa yo, annakò ak sa ki nan estrateji Ibéro-ameriken sou lasante ak sekirite nan travay la pou 2010-2013, travayè yo ak òganizasyon nou yo rekonèt kòm priyorite:

- Bay **politik leta sou kesyon SST** yo jarèt, ranfòse kad politik ak akò ki gen pou wè ak OIT (155, 161, 187, 102 ak lòt yo), ak yon sansiblite espesyal pou gwoup ki pi vilnerab yo (fanm, jenn yo, travayè ekonomi enfòmèl la ak travayè imigran yo)
- **Patisipasyon sendika** yo nan yon politik konsa sou kesyon SST, pa mwayen espas sosyal pou dialòg ak negosasyon twa pati yo nan travay yo gras mekani ki reyini tout travayè, ak reprezantan yo, garanti jiridik, nan pwosesis prevansyon, kreyasyon/ranfòsman domèn negosasyon kolektif yo ak kòdinasyon aksyon ant sendika yo ak enspeksyon travay pou fè sèten gen suivi ak yon kontwòl efikas.
- **Patwon an finanse**, ak regleman legal leta mete, sistèm efikas pou pwoteksyon lasante ak fanm nan travay, kit se pou prevansyon kit se pou pote solisyon, gras ak amelyorasyon kondisyon travay k ap kontinye, sèvis sante konplè ak avantaj ekonomik ki jis epi sifi.

AKSYON YO PWOPAZE

Se pou **sekirite sosyal** la vin youn nan objektif prensipal lit mouvman sendikal la, travay nou pwopaze a divize an twa aspè santral:

- 1** Devlopman pwopozisyon sendika yo fè pou fè asirans sekirite sosyal la rive gaye, ak yon pi gwo patisipasyon posib nan òganizasyon yo.
- 2** Devlopman pwopozisyon sendikal nou yo pou ranplase sistèm sekirite sosyal privatize yo (tout avèk severite teknik ki nesèsè), ke nou ka prezante bay otorite chak peyi ak pwojè refòm jiridik ki bay sistèm piblik inivèsèl yo ak sekirite sosyal total, fè pwoteksyon an rive jwenn sila yo ki pa gen mwayen peye pou sa, ak ekonomi enfòmèl la, ak finansman twa pati yo.
- 3** Kapasite pou mobilize travayè ak travayèz pou defans pwopozisyon sendikal

klè yo, montre nesosite pou sendika yo devlope kapasite kominikasyon pa yo kòm yon zouti mobilizasyon sosyal pou konstwi yon sistèm sekirite sosyal altènatif.

Pou sa rive fèt, men travay nou dwe fè:

- Nou konprann ke **sekirite sosyal** la se yon zouti ki gen yon okenn enpòtans nan lit kont povrete ak nan potekole ak **libète asosyasyon epi dwa pou negosyasyon kolektif**. Se **zouti** ki pi efikas pou **distribisyon ak redistribisyon** revni ak richès, ratifikasyon konvansyon **102 OIT**⁴ a kòm yon zouti itil pou fè pwoteksyon gaye ta dwe yon pwèn ki toujou nan ajanda sendika nan zòn nan. pou sa fèt:
- Chak grenn nan divès Direksyon nasyonal santral sendikal dwe fè deklarasyon piblik nan fason sa a, pandan l ap pran kesyon an anmen.
- Preparasyon ak reyalizasyon yon kanpay reyonal ki gen pou objektif, fè koze a gaye, sansibilize, epi ede lòt moun pran konsyans sou enpòtans sekirite sosyal la kòm yon dwa moun, ki la pou travayè ak sosyete sivil la toutantye, aplikasyon li, dapre sitiyasyon ki nan chak peyi pa mwayen medya yo, revni, rezo, fòmasyon ak kontak ak lòt sektè sosyal yo.
- Lansman yon kanpay reyonal pou fè konnen konvansyon 102 a.
- Itilizasyon yon komisyon twa pati ki fòmè nan peyi ki te ratifye konvansyon 144 la nan domèn sa a, epi pou diskite sou pozisyon chak peyi.
- Fè pwomosyon epi ranfòse kreyasyon espas dyalòg sosyal pou diskisyon ak amelyorasyon sistèm sekirite sosyal yo nan peyi nou ak konkou OIT.

⁴ Konvansyon 102 sou nòm minimal konsènan sekirite sosyal la te fèt pou garanti yon nivo minimòm pwoteksyon pou nèf branch sekirite sosyal sa yo.

a) medikal, b) dedomajman pou maladi; c) prestasyon pou moun ki nan chomaj; d) prestasyon pou granmoun, e) prestasyon yo bay nan ka aksidan oswa maladi ki rive nan travay, f) prestasyon yo bay fanmi, prestasyon yo bay moun ki vin andikape h); g) prestasyon yo bay moun ki akouche, i) prestasyon moun ki chape anba yon katastwòf.

Akò sa a reprezante nan karakteristik li ak tit li yon enktriman ki tabli yon nivo minimòm pwoteksyon dwa findamantal ak konvansyon sekirite sosyal ki prezante yon rejim soup pou ratifikasyon dekwa pou l ka pran divès sitiyasyon nasyonal yo an konsiderasyon.

Dispozisyon sa yo fè parèt aklè ke leta dwe pran responsablite l pou enstitisyon sekirite sosyal yo byen jere, menm jan ak moun yo pwoteje nan administrasyon yo, oswa li ta dwe asosye kòm pati ki pou bay dizon l nan ka enstitisyon yo pa fè pati leta.

Lajan pestasyon yo koute ak depans administratif yo dwe finanse ansanm nan kòb kotizasyon yo sanble oswa nan taks, oswa nan sèvi ak de solisyon sa yo ansanm.

- Pwopoze pou yo mete Konvansyon 102 a nan Konvansyon fondamantal OIT yo.
- Li nesèsè pou n defini aksyon konkrè nan peyi kote ke yo te fin ratifye Konvansyon 102 a, Komite ekspè sou aplikasyon konvansyon ak rekòmandasyon OIT te siyale kòm enfaksyon yo.
- Li vin sesesè pou n fòme ekip teknik sendika (ETS) nan chak izin, pou n kore jefò k ap fèt nan chak peyi ki nan zòn nou an. ETS ki fè suivi powosesis yo, ki kore pwòp òganizasyon ak reprezantan yo, pou yo devlope sistèm dyagnostik ak modèl, echanj eksperyans ak pwopozisyon serye e posib, ki kontribye pou simaye enfòmasyon, anseye dwa moun fondamental sa a, ki revandike epi devlope yon patisipasyon ki pi kòdone ak kòdinasyon ak lòt santral nan k ap fonksyone nan lòt kontèks nasyonal nan rejyon an oswa nan zòn ki anndan rejyon an⁵.
- Bati yon pozisyon konsansis sou **konferans OIT 2011 la**, k ap pèmèt nou reyalize yon politik ki ranfòse dwa fondamantal moun ki se sekirite sosyal, paske li enpòtan pou n kontinye apwofondi kesyon an. Divès aspè tankou ekstansyon pwoteksyon an, menm tretman pou tout moun, sekirite finansyè, eks. nesèsite pou n kontinye fè jefò pou n jwenn solisyon.
- Santral nou an ta dwe kolabore ak ansyen òganizasyon travayè ak travayèz yo, pou ranfòse relasyon nan nivo nasyonal ak òganizasyon retirete yo, k ap apiye òganizasyon sa yo, pandan y ap respekte divès reyalite nasyonal yo.
- Santral nou yo dwe we kolabore tou ak òganizasyon travayè ki pa sendike yo dekwa pou yo ka jwenn revandikasyon sou dwa sekirite sosyal ak enterè yo nan tèt ansanm.
- Li nesèsè pou n pwofite sipò CSA-CSI, Kòdonatris Sendikal sourejyonal yo ak Oganizasyon Entènasyonal Titravay pou ranfòse rezo sosyal, sourejyonal ak rejyonal yo, konsa nou ka fè alyans ak enstitisyon yo, oganizasyon nan sosyete sivil la, ak lekòl ki espesyalize nan zafè sekirite sosyal ki fonksyone sou teritwa nasyonal, sourejyonal ak rejyonal yo.
- CSA pral kapab kreye yon komisyon sendikal ki pou fè swivi rejyonal. Komisyon sendikal sa a ap genyen ladan l sendikalis ki okipe pwèn santral rezo rejyonal yo nan zafè sekirite sosyal nan lide pou fè swivi Plan Daksyon PLACOSS la ki vin kore aksyon sendikal la nan zafè sekirite sosyal ke Santral Sendikal CSA yo devlope yon fason ki byen konekte youn ak lòt ak angajman rejyonal ki jwenn apwobasyon Platfòm sa a.
- Oganizasyon yo ki afilye ak CSA a pran angajman pou fè konnen Platfòm Rejyonal Sendikal Sekirite Sosyal sa a kòm nòm pwogramatik ak sibstantif pou

5 Reprezantasyon travayè eksperimente ki soti nan ekip PIT-CNT enstiti sekirite sosyal Irigwe a se yon referans solid pou n pran an konsiderasyon nan pwosesis sa yo, menm jan ak pwojè rejyonal OIT pou fòmasyon sendikal sou sekirite sosyal la (ACTRAV)

defans sekirite sosyal la nan rejyon an. Platfòm sa a dwe sèvi kòm gid referans pou fè bon jan pwopozisyon nasyonal pandan n ap bay aspè ki gen rapò ak reyalite nasyonal ak sendikal priyorite.

ANÈKS:

- Deklarasyon Montevideo (desanm 2009)
- Deklarasyon Madrid: Estrateji sendikal Ibewo-ameriken nan zafè Sekirite Sosyal (Mas 2009)
- Deklarasyon Lima: Vè yon pozisyon sendikal rejyonal devan efè kriz la sou Sekirite Sosyal ak repons ki posib daprè Sekirite Sosyal la (mas 2009)
- Deklarasyon Lima: Travay ak pwoteksyon sosyal nan nouvo kontèks demografik la (mas 2009).

